

Date : October 10, 2016

Nimewo Pwogram Nan : 1007

Tit Pwogram Nan : Jak 1:16-19

Bonjou, bonswa byenvini nan etid biblik Atravè Labib. Se toujou yon gran plezi pou nou ansanm, jodia nou va kontinye avèk pakou nou nan Jak 1 :16-19. Liv Jak la se yon liv ki twouve l' nan Nouvo Testaman nan zonn liv Tit, Filemon, Ebre, Jak, 1 Pyè, 2 Pyè, 1 Jan, 2 Jan, 3 Jan e Revelasyon. Donk nou ka di Jak twouve l' prèske nan fen Nouvo Testaman an.

Epi sonje ou ka toujou koute nenpòt nan etid yo nenpòt ki lè sou sit Entènèt nou ki se ttb.twr.org/Creole. Ou kapab tou ekri nou pou fè n konnen kòman w'ap koute, fè yon kòmantè ou poze yon kesyon nan adrès elektwonik nou ki se creole@twr.org.

Kounyea, annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè.

Bondye Papa nou ki syèl la, Ou merite tout lonè ak tout louwaj e nou vini nan moman sa pou bay tout lonè ak tout louwanj. Ou se Bondye, anvan Ou, apre Ou pa gen lòt. Nou vini pou ajoute vwa nou ak pa zanj yo nan syèl la, pou rejwenn lanati ak tout kreyasyon an pou glorifye non W, temwaye jan ou gran, jan ou sen, jan ou se Bondye ! Nou vini tou pou mande w' padon pou peche nou yo, nou rekonèt nou se pechè, nou rekonèt nou pa gen nan nou menm okenn dwa pwoche kote W, sa ki sal la pa gen okenn relasyon ak sa ki pwòp la, sinon k atravè san Kris kote nou jistifye, padone, repare... pito m' di refèt, fèt yon dezyèm fwa, kote W fè nou gras pou rele W Papa. Nou vini pou envite W pran kontwòl etid jodia. Petèt sa ka tounen yon repetisyon pou anpil

moun paske nou di sa prèske chaj jou men se vre, an nou menm nou pa gen kapasite, nou pa gen dwa, nou pa gen konesans pou etidye e konprann Pawòl Ou. Sèlman Lespri Sen an ka fè. Sèl Li ki ka anseye nou, sèl Li ki ka louvri je nou, sèl Li ki ka pran gran verite Ou yo e fè yo fè sans pou nou. Donk n ap mande W efase nou devan sèn nan kite Lespri Sen pran plas pami nou pou se Li ki pale e lè L fini pou Li menm ankò penmèt nou rete obeyisan e aplike sa nou tande yo nan lavi nou. Se nan non Bondye Pitit la Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

Ou byenvini nan etid bibliik Atravè Labib, pasaj nou pou jounen an se Jak 1 :16-19.

Jak 1 :16 *Frè mwen renmen anpil yo, pa twonpe tèt nou sou bagay sa a.*

Pa twonpe tèt nou sou bagay sa a. Jak ap bannou yon mizangad, l'ap di pa panse w' ka jwenn yon ti fason pou w chape anba konsekans peche. Pa twonpe tèt ou. Yon moun k'ap benyen nan peche, ki leve ki dòmi nan peche, se peche manje l', se la l' pran plezi enben yon moun konsa pa ka an relasyon ak Bondye, anfèt moun sa a poko janm konvèti, li poko janm fèt yon dezyèm fwa vre. M panse sa osi senp, si w ap viv nan peche epi w' pran plezi nan sa, ou pa pitit Bondye.

Yo rakonte istwa yon kalvinis ak yon Amenyen ki t'ap fè yon diskisyon. Calvinis lan kwè depi yon moun sove li sove nèt, li pa ka pèdi Sali l'. Amenyen li menm kwè si sa pase mal ou ka pèdi Sali a. Amenyen an di : « Si m' te kwè nan doktrin ou an kòm yon moun konvèti tout bon, m ta pwofite fè kont peche m'. » Kalvanis lan lè sa a reponn li : « Konbyen peche w panse m' ta bezwen pou satisfè yon vrè kretyen ? » Eske m' ka fè w remake sa se yon repons fòmidad. Paske vrè kretyen pap tolere peche.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Nenpòt ti peche, menm lonbray a peche bay kretyen tout bon an kè tounen. Si wè w'ap viv nan peche e sa pa di w' anyen, enben w bezwen fè yon egzamen konsyans, egzaminen tèt ou pou w wè si w konvèti tout bon. Gen yon moun ki te fè yon deklarasyon ase enteresan pou di, e m'ap site : « Moun ki tonbe nan peche se yon moun. Moun ki pran lapenn pou peche se yon sen. Moun ki pran plezi nan peche se yon mekan. » Zanmi pa gen moun ki pa pase anba tantasyon, kanta pou tantasyon nou tout koupab, nou tout gen yon grenn zanno lakay òfèv, men ann veye pou n pa tonbe anba tantasyon, pou n' pa kouve tantasyon an jis pou n' t'a kale yon ze ki rele peche. Si w' kite tantasyon mennen w', vle pa vle w'apral chwe nan peche e alafen se lanmò k'ap tann pou sèten.

Jak 1 :17 Tout pi bèl favè, tout pi bon kado nou resevwa, se anwo nan syèl la yo soti, nan men Bondye ki kreye tout limyè. Bondye pa janm chanje, ni li pa gen anyen ki ta ka sanble yon chanjman nan li.

Gen yon bò nan lalin nan ki fè nwa, tandiske lòt bò a byen klere. Men nan Bondye pa ge absoliman okenn fènwa. Nou tout gen yon lonbray nan nou, depi gen limyè w'ap ka wè lonbray la parèt konsa. Yo rakonte pou di lè Aleksann Legran te retounen Lagrès apre l' te fin konkeri monn nan, li t'al chache pwofesè l', Aristòt pou rakonte l' tout pouwès li yo. Lè l' rive li jwenn Aristòt t'ap benyen. Aleksann kanpe nan papòt la li rakonte l' tou sa ki te pase. Answit li ajoute : « Kounyea m pare pou ba w' nenpòt sa w' ta vle nan monn lan. Kisa w' vle ? » Aristòt gade l' e reponn li : « M ta renmen w deplase debare limyè a. » Pou di vre zanmi se tou sa nou fè, tou sa nou vo, nou sèlman pwojete yon lonbray. Men pa gen absoliman okenn fènwa, okenn onb nan Bondye.

« Bondye pa janm chanje, ni li pa gen anyen ki ta ka sanble yon chanjman nan li. » Tankou lalwa kreyasyon yo montre nou sa Bondye pa kapab e efektivman pa janm chanje. Bondye pa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

tankou sèten kretyen jodia k'ap viv tankou yon yoyo, yon ti moman yo monte, yo lòt moman yo desann, yon lòt moman ankò yo pran vire fè wonn pasi pala. Non. Bondye konstan, Li toujou sa L' ye a : Li te sa L' ye a, li menm Sa L' ye a, L'ap toujou sa L' ye a : Bondye.

Tout pi bèl favè, tout pi bon kado nou resevwa, se anwo nan syèl la yo soti, nan men Bondye ki kreye tout limyè. » Dr. McGee di m' gen yon zanmi ki se yon ajan asirans, e m' renmen fè plezantri ak li sou langaj yo sèvi nan asirans pwòp kay li. Gen yon seksyon nan asirans lan ki di gen sèten bagay ki ka rive kay la asirans lan pa kouvri pa egzant « Nenpòt evenman nou ta ka konsidere kòm yon aksyon Bondye. » Mwenm pou fè plezantri m mande l' : « Kisa w' gen enpresyon Bondye pral fè ak kay la ? » Li reponn : « Bon, ka gen yon katastwòf natirèl tankou siklòn. » M' mande l' : « Eske w panse se Bondye ki responsab sa ? » Avrè di sa se yon langaj kouran ke menm mwen konn itilize pafwa, men tradisyonèlman atravè syèk yo lòm toujou renmen bay Bondye pote responsabilite bagay sa yo. Sepandan, zanmi si w gen yon bon bagay se nan Bondye l' soti. Ou ka konte byenfè Bondye yo po jounen an : Li ba w' solèy, lapli, jou ansoleye, jou nwaje, zèb vèt, dlo pou nou bwè e lè pou n respire. Bondye bannou bon lè pou nou respire ak bon dlo pwòp pou nou bwè. Se lòm ki polye yo. Bondye bay bon kado. Bondye bon. M' pa kwè nou janm rive konprann jan Bondye bon.

Jak 1 :18 *Gremesi pawòl verite a, li ban nou lavi jan l' te vle l' la, pou nou kapab gen premye plas nan tou sa li kreye.*

Definitivman nou kwè sa ap pale sou nouvel nesans lan. Kòman l' te bannou lavi ? « *Gremesi pawòl verite a, li ban nou lavi jan l' te vle l' la, pou nou kapab gen premye plas nan tou sa li kreye.* » Pafwa m' tande moun k'ap di : « Pa gen anyen m' ka fè nan sa, m' te deja predestine pou m' pèdi. E si se te plan Bondye pou m' »

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

sove, eben m'a sove. » Zanmi gen 2 volonte ki antre anje nan tranzaksyon sa : Gen volonte Bondye e volonte pa w'. Tankou nou di sa déjà vrè sans vèb « bannou lavi » a vle di konsepsyon, bay nesans a yon ti bebe. E w' konnen se de moun ki pou mete ansanm pou konsevwa yon timoun. Pa gen kesyon timoun san papa. Papa a ka egare oswa l' demisyone men se yon manman, yon papa ki konsevwa yon timoun. Menmjan an tou lide a isit se volonte Bondye mete ak volonte w' ki konsevwa nouvèl nesans lan. Pa di m' se pa fòt ou. Pa di m' ou pa responsab si w' pèdi. Dayè Bib la deja nou Bondye pa ta renmen pèsounn pèdi donk anvi e volonte Bondye se pou tout moun nèt ta sove. Li bannou lavi grenmesi Pawòl la. Lè w' pare pou w' vini, lè w' kwè nan Pawòl Bondye a e asepte Senyè Jezi kòm Sovè, ou va fèt yon dezyèm fwa. 1 Pyè 1 :23 di : « *Gremesi pawòl Bondye a ki yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon lòt lavi. Fwa sa a, nou pa soti nan yon jèm ki ka mouri, men nan yon jèm ki pa ka mouri.* »

Jak 1 :19 *Frè mwen renmen anpil yo, men yon bagay pou nou toujou chonje. Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo pou yo ka tandè. Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè.*

« *Frè mwen renmen anpil yo.* » Donk ou ka wè Jak isit la ap pale ak pitit Bondye a, kreyen sove a.

« *Se pou tout moun prese louvri zòrèy yo pou yo ka tandè.* » Pou yo prese louvri zòrèy yo pou yo ka koute kisa ? Pou koute Pawòl Bondye a. Pwosesis la pa fini nan nesans lan, apre w fin fèt nan Pawòl la, kounyea ou pral grandi e devlope nan Pawòl la. Nan Pawòl la, selon Ebre 4 :12, ou gen yon reyalite vivan, yon bagay ki pi pisan, ki pi file pase yon koute de bò. I Korent 2 :14 di nou : « *Yon moun ki pa gen Lespri Bondye a nan kè l' pa ka asepte verite ki soti nan Lespri Bondye a. Pou li, se pawòl moun fou yo ye. Li pa kapab konprann yo, paske se Lespri Bondye a ki pou*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

ede l' egzaminen yo. » Sepandan, kòm pitit Bondye, Lespri Bondye ap viv nan nou e L' vle anseye nou Pawòl Bondye a. Zanmi, ou pa jwenn sa se yon bagay ekstraòdinè ? Kreyatè linivè a e Sovè tout pechè pèdi yo ta renmen pale avè w'. E Jak ap di : « Se pou nou prese louvri zòrèy nou tandè. » Pafwa lè m' kanpe sou chè a devan yon kongregasyon m' santi m' ta rele byen fò pou di : « Reveye nou ! » ou ankò « Me Dife. » Paske m' tan renmen yo sou men yo, pou tankou eskout pou yo toujou prè, pou yo sou sa, pou y'ap fè mouvman. Oo ala nou bezwen rete veyatif e kouri prese koute Pawòl Bondye a !

« Men, pa kouri pale, pa prese fè kòlè. » Ou ka remake Bondye bannou de zòrèz men yon sèl bouch. Se pa pou grenmesi L' fè sa. Anpil fwa gen moun ki pale twòp e gen gwo danje nan sa. Pa egzanp gen moun ki kwè depi yon moun fin konvèti la kounyea ou mèt tou bay mikwo pou l' kòmanse preche ou temwaye. Men onètman m' pa kwè yon moun ki apèn konvèti, yon ti bebe nan lafwa pare pou sa vre. Yèsou la a moun nan fin konvèti epi leve maten an tout moun anvi tandè entèl sitou si moun sa a se yon moun renome tankou : yon atis, yon malveyan, yon politisyen, yon grannèg ou yon bòkò. Byen souvan se kalite temwayaj sa yo n'anvi tandè. Dr. McGee di pafwa m konn byen regrèt lè atis yo chwazi di yon ti pawòl anvan yon chan. M' konn bese tèt mwen ak anbarasman devan kèk bagay m konn tandè y'ap di. Gen yon demwazèl ki te ge yon trè bèl vwa, men lè l' kanpe e kòmanse pale pou di : « M sèlman gen de mwa depi m' konvèti. » M' te ezite, e m te gen rezon fè sa, paske sa l' te kontinye di yo pa t' mache ditou ak sa ki nan Pawòl Bondye a. M' jwenn se trè regretab ke yo bay yon esta ki apèn konvèti temwaye sèlman paske yo fame, tout moun konnen yo. Paske byen souvan moun sa yo, kòm ti bebe nan lafwa, poko gen yon teyoloji vre, ou sa yo panse yon genyen an osi depaman ak Pawòl Bondye a ke posib. Yon moun ki apèn konvèti bezwen pran tan pou etidye Labib, li bezwen tan pou aprann Pawòl avan nou fè l' monte chè pale.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Bondye di nou bezwen cho pou n' koute men lan pou pran lapawòl.

Alò petèt yon moun a di : « Men pas eske sa pa pou moun yo temwaye ? » Wi se pou yo temwaye, men fò n' pridan ak sa n'ap di nan temwyaj la e fòk nou sèten sou pwòp lavi nou anvan. Yo rakonte istwa Sokrat ak yon jenn gason yo te mennen enskri nan lekòl li a. Sokrat te alafwa yon pwofesè lekòl e yon filozòf. Jenn gason antre e yo prezante Sokrat li. Men anvan l' louvri bouch li di yon mo, jenn gason an te kòmanse pale san rete pandan menm di minit konsa. Finalman, lè jenn gason an resi fin pale, Sokrat di li : « M'ap asepte w pou elèv men w'ap peye de fwa plis. » Jenn gason an mande : « Poukisa w' va chaje m' de fwa plis ? » Sokrat reponn li : « Tou dabò m va bezwen montre w' jan pou w' kontwole lang ou answit m'ap bezwen montre w' jan pou w' sèvi avè l'. » Se sa Jak ap di nou la a : Prese kouri koute men pran tan anvan w' pale. Kreyen an dwe pridan pou l' pa twò demontre inyorans li nan Pawòl la. Koute Bondye. Wi se vre Bib la di : « Kite moun sove Senyè yo di sa. » M dakò fòk nou pale men nou dwe pran anpil prekosyon ak sa n'ap di.

« *Pa prese fè kòlè.* » Pa kite dikisyon pou relijyon fè w fè kòlè. Se byen pou w' ta yon fondamatalis, tankou mwen menm, men w' pa bezwen pete dyèl pou nenpòt ti vigil, nenpòt ti pwen teyolojik ak depi se moun ou jwenn ki pa gen menm opinyon ak ou. Alfen sonje, pa gen moun ki gen verite absoli, pa menm ou menm.

Pa prese fè kòlè, m ta di pran tan reflechi. Tanmpo. Pran san w. Jonathan Edwards se te twazyèm prezidan inivèsite Princeton e petèt yonn nan pi gran pansè ak predikatè Ameriken ki te janm egziste, men l' te gen yon pitit fi ki pa t' ka kontwole tamperaman l'. Yon jou gen yon jenn gason, yon moun debyen, lekòl la ki tonbe damou pou manmzèl, l'ale kote Jonathan Edwards pou mande l' pèmisyon marye ak pitit fi li a. (Alò se konsa bagay yo

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

te ye lontan, se pa t' antre pran, men kòm ou ka remake bagay yo chanje.) Jonathan Edwards reponn jenn gason an : « Non, ou pa ka marye ak li. » Jenn gason an di : « Men m renmen l' anpil. » Edward reponn : « M di w' non, ou pa ka marye ak li. » Jenn gason an tou deranje replike: "Poukisa m' pa kapab?" Jonathan Edwards reponn li : « Paske li pa merite w'. Se vre l' se yon kretyen men gras Bondye ka viv ak yon moun ke okenn lòt moun pap janm ka sipòte." Eske w ka penmèt mwen di genyen pami nou jodia yon kantite kretyen devalorize k'ap viv ak yon tanperaman enkontwolab yon bagay ki afkte temwayaj osi mal ke okenn lòt bagay ta ka fè l' ?

Epi konsa nou rive nan fen pwogram nou pou jounen an. M te kontan pase moman sa ak ou e m espere rankontre w nan pwochèn okazyon pou yon lòt etid bibliik Atravè Labib. Ke Bondye beni w !